

# *Vil Boston*

## Nan Komite Lekòl

14 Jiyè 2021

### **RÈGLEMAN SOU ADMISYON NAN LEKÒL EGZAMEN NAN BOSTON PUBLIC SCHOOLS**

ÒDONE, ke Kominote Lekòl la nan fòm sa apwouve Règleman Konsènan Admisyon nan Lekòl Egzamen ki nan Boston Public Schools yo:

Règleman sa pral favorize aksè ekitab onivo tout vil la nan ansanm lekòl egzamen ki nan distri a epi l ap asire divèsite sosyo-ekonomik, jeyografik ak divèsite rasyal anrichi eksperyans edikatif tout elèv yo atravè kritè admisyon nou adopte a.

Nan apèl nominal, Òdonans lan te apwouve atravè vòt ki vini apre a:

POU –

KONT –

ABSAN –

Ateste:

Elizabeth A. Sullivan  
Sekretè Egzekitif

# *Vil Boston*

## Nan Komite Lekòl

14 Jiyè 2021

### **RÈGLEMAN SOU ADMISYON NAN LEKÒL EGZAMEN NAN BOSTON PUBLIC SCHOOLS**

Pou n kapab favorize aksè ekitab onivo tout vil la nan ansanm lekòl egzamen ki nan distri a ak pou n asire divèsite sosyo-économik, jeyografik ak divèsite rasyal anrichi eksperyans edikatif tout elèv yo, règleman sou admisyon nan lekòl egzamen yo nan Boston Public Schools ap repati konsa:

Pandan n ap konsidere pandemi COVID-19 la ansanm ak enpak li fè sou elèv yo, Boston Public Schools pral aplike mezi ki vini apre yo an de faz.

1. **Faz I:** Nan premye ane règleman an, Boston Public Schools pral aplike mezi ki vini apre yo pou admisyon nan ane lekòl 2022-2023 a:
  - a. Tout elèv ki nan klas 6yèm ki abite aktyèlman nan Boston (oswa Boston Public Schools desèvi li) elijib pou l jwenn admisyon pou l antre nan klas 7yèm ane nan lekòl egzamen ki nan Boston yo pandan ane lekòl 2022-2023 a, tout elèv ki nan klas 8yèm ane ki abite aktyèlman nan Boston (oswa Boston Public Schools desèvi li) elijib pou l jwenn admisyon pou l antre nan klas 9yèm ane nan lekòl egzamen ki nan Boston yo pandan ane lekòl 2022-2023 a, epi tout elèv ki nan klas 9yèm ane ki abite aktyèlman nan Boston (oswa Boston Public Schools desèvi li) elijib pou l jwenn admisyon pou l antre nan klas 10yèm ane nan John D. O'Bryant School of Mathematics and Science pandan ane lekòl 2022-2023 a si li reponn ak kondisyon sa yo:
    - i. Yon mwayèn jeneral (GPA) ki egal B oswa pi plis nan ELA, Matematik, Syans ak Syans Sosyal pandan de premye trimès nan ane lekòl 2021-2022 a; epi
    - ii. Yon rezantant pou lekòl/distri ki patisce a pral verifye si pèfòmans elèv la attenn nivo klas la selon nòm Kourikouloum Massachusetts yo.
  - b. Aplikan ki elijib yo pral resevwa yon nòt konpozit, ki evalye de 1-100, ki fèt sèlman ak mwayèn jeneral (GPA) yo a. Y ap ajoute nòt adisyonèl sou nòt konpozit yon elèv si li reponn ak youn nan faktè sa yo:
    - i. Y ap ajoute kenz (15) pwen sou nòt konpozit elèv ki sanzabri yo, elèv k ap viv sou kont Depatman pou Timoun ak Fanmi yo, ansanm ak elèv k ap viv nan lojman publik tradisionèl yo ki jwenn finansman nan men gouvènman federal la oswa eta a epi ki se pwopriyete Otorite Lojman Boston.
    - ii. Y ap ajoute dis (10) pwen adisyonèl sou nòt konpozit elèv ki frekante yon lekòl nan ane avan aplikasyon an ki, an mwayèn pandan senk ane ki sot pase yo, enskri 40% oswa plis elèv ki defavorize sou plan ekonomik, jan Depatman Edikasyon Primè ak Segondè a defini sa a. Nan ka kote yon elèv se yon nouvo rezidan nan Boston pandan ane lekòl yo fè aplikasyon an, kidonk y ap itilize lekòl aktyèl la pou yo detèmine si elèv la elijib pou pwen adisyonèl sa yo.

# *Vil Boston*

## Nan Komite Lekòl

- iii. Elèv yo pa ka resevwa pwen adisyonèl pou toude domèn yo. Si elèv yo resevwa 15 pwen, yo pa elijib pou yo resevwa 10 pwen.
2. **Faz II:** Nan dezyèm ane aplikasyon mezi sa yo, pou admisyon nan kòmansman ane lekòl 2023-2024 la, epi annapre chak ane pandan dire règleman an, y ap aplike tout kondisyon admisyon yo nèt konsa:
- a. Tout elèv ki nan klas 6yèm ki abite aktyèlman nan Boston (oswa Boston Public Schools desèvi li) elijib pou l jwenn admisyon pou l antre nan klas 7yèm ane nan lekòl egzamen ki nan Boston yo; tout elèv ki nan klas 8yèm ane ki abite aktyèlman nan Boston (oswa Boston Public Schools desèvi li) elijib pou l jwenn admisyon pou l antre nan klas 9yèm ane nan lekòl egzamen ki nan Boston yo; epi tout elèv ki nan klas 9yèm ane ki abite aktyèlman nan Boston (oswa Boston Public Schools desèvi li) elijib pou l jwenn admisyon pou l antre nan klas 10yèm ane nan John D. O'Bryant School of Mathematics and Science si li reponn ak kondisyon sa yo:
    - i. Yon mwayèn jeneral (GPA) ki egal B oswa pi plis nan ELA, ak Matematik nan dènye peryòd koreksyon avan aplikasyon an ak nan Matematik, Syans ak Syans Sosyal nan de premye trimès/premye trimès ane yo nan klas 6yèm, 8yèm oswa 9yèm ane a.
    - ii. Yon reprezantan pou lekòl/distri ki patisce a pral verifye si pèfòmans elèv la attenn nivo klas la selon nòm Kourikouloum Massachusetts yo.
    - iii. Yon rezulta evalyasyon ki konplè sou evalyasyon distri a idantifye a pou admisyon nan lekòl egzamen. Elèv yo ap gen opòtinite pou yo pase evalyasyon an de fwa. Touswit nou nan prentan nan ane yo nan klas 5yèm ane ak touswit nou nan otòn nan ane yo nan klas 6yèm ane a, pandan y ap itilize nòt ki pi elve a pou admisyon.
  - b. Aplikan ki elijib yo pral resevwa yon nòt konpozit, ki evalye de 1-100, ki fèt ak mwayèn jeneral (GPA) yo a ansanm ak rezulta evalyasyon an. Evalyasyon an ap mezire a 30% epi mwayèn jeneral (GPA) la ap mezire a 70%. Y ap ajoute nòt adisyonèl sou nòt konpozit yon elèv si li reponn ak youn nan faktè sa yo:
    - i. Y ap ajoute kenz (15) pwen sou nòt konpozit elèv ki sanzabri yo, elèv k ap viv sou kont oswa sou siveyans Depatman pou Timoun ak Fanmi yo, ansanm ak elèv k ap viv nan lojman publik tradisyonèl yo ki jwenn finansman nan men gouvènman federal la oswa eta a epi ki se pwopriyete Otorite Lojman Boston.
    - ii. Y ap ajoute dis (10) pwen adisyonèl sou nòt konpozit elèv ki frekante yon lekòl nan ane avan aplikasyon an ki, an mwayèn pandan senk ane ki sot pase yo, enskri 40% oswa plis elèv ki defavorize sou plan ekonomik, jan Depatman Edikasyon Primè ak Segondè a defini sa a. Nan ka kote yon elèv se yon nouvo rezidan nan Boston pandan ane lekòl yo fè aplikasyon an, kidonk y ap itilize lekòl aktyèl la pou yo detèmine si elèv la elijib pou pwen adisyonèl sa yo.
    - iii. Elèv yo pa ka resevwa pwen adisyonèl pou toude domèn yo. Si elèv yo resevwa 15 pwen, yo pa elijib pou yo resevwa 10 pwen.

# *Vil Boston*

## Nan Komite Lekòl

3. **Nan alafwa Faz I ak Faz II a:** Boston Public Schools pral distribiye yon seri envitasyon pou lekòl egzamen yo defason egal nan tout wuit nivo sektè resansnman an ki regwoupe ansanm sou baz faktè sosyo-ekonomik. Y ap bay chak nivo prèske menm kantite envitasyon pou lekòl egzamen yo. Nan chak nivo, y ap klase elèv yo selon nòt konpozit yo plis tout pwen adisyonèl ki dekri anwo yo.
  - a. Boston Public Schools pral gwoupe sektè resansman yo an nivo sou baz faktè sosyo-ekonomik sa yo jan mwayèn 5 lane ki soti nan American Community Survey
  - b. U.S Census Bureau bay li an: pousantaj moun k ap viv anba sèy povrete a, pousantaj fanmi pwopriyetè a pa okipe, pousantaj fanmi yon grenn paran dirije, pousantaj fanmi kote Anglè se pa lang prensipal yo pale, ansanm ak nivo enstriksyon.
  - c. Nivo a ap nan gwochè ki relativman egal sou baz kantite timoun ki gen laj pou lekòl ki nan klas 5-8yèm ane, selon mwayèn 5 lane ki soti nan American Community Survey a.
  - d. Y ap distribiye envitasyon yo nan dis (10) tou avèk 10% plas ki disponib nan chak tou yo distribiye nan chak tou. Nivo ki gen nòt sosyo-ekonomik ki pi ba a ap pase an premye nan chak tou, pandan rès tou ki rete yo vini apre l nan lòd ki soti nan nòt sosyo-ekonomik ki pi ba pou rive nan nòt sosyo-ekonomik ki pi wo.
  - e. Y ap asiyen yon nimewo owaza bay elèv ki gen menm nòt konpozit yo nan yon nivo sosyo-ekonomik pou yo detèmine kiyès k ap pase an premye. Moun ki gen nimewo owaza ki pi piti a ap klase pi wo pase lòt la (yo).
  - f. Y ap akòde envitasyon pou chak lekòl egzamen yo selon preferans elèv la. Si yo gentan akòde tout plas nan lekòl premye chwa yon elèv, elèv la ap resevwa yon envitasyon pou lekòl dezyèm chwa yo a, sof si yo gentan akòde tout plas ki nan lekòl dezyèm chwa elèv la. Nan ka sa a, elèv la pral resevwa yon envitasyon pou lekòl twazyèm chwa li a jiskaske tout plas yo fin ranpli.
4. Y ap evalye e analize règleman sa chak senk lane.

Y ap elabore yon plan klè pou rann règleman an ansanm ak rekòmandasyon sa yo operasyonèl. Yon Sikelè Sipè-entandan an pibliye pral ofisyalyize lojistik operasyonèl ki gen rapò ak kalkil mwayèn jeneral (GPA), administrasyon tès ansanm ak pwosesis aplikasyon an:

- Elabore epi pibliye yon plan pou sipòte elèv k ap antre yo ansanm ak plan akademik pou klas 4yèm pou rive 6yèm ane.
- Pibliye yon rapò anyèl an Jen ki enkli dezagregasyon rezulta elèv yo ak evalyasyon pwogram nan, ansanm ak dezagregasyon rezulta sondaj klima lekòl la ak lòt done sou rezulta elèv yo jan sa nesesè nan aplikasyon règleman an.
- Planifye yon bidjè pou aplike règleman an.
- Planifye angajman fanmi ak angajman kominote a ak komunikasyon konsènan aplikasyon ak pwosesis envitasyon an.
- Elabore yon règleman notasyon ekitab ki koyeran pou distri a pandan w ap itilize yon echèl A-F kote yon A+ konsidere kòm yon A.